МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ

ЦОДОУ ЗОЖ

Государственное казённое образовательное учреждение «Бавтугайская специализированная школа -интернат им.Гамзатова М.Г»

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| руководитель МО | зам.директора по УВР | директор |
| Далгатова А.Д. | Магдилова Х.М. | Ахмедов Н.Г. |
| приказ №1 от «27» августа 2023 г. | приказ №1 от «27» августа 2023 г. | приказ №1 от «27» августа 2023 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА УЧЕБНОГО ПРЕДМЕТА «РОДНОЙ ЯЗЫК»

## БАЗОВЫЙ УРОВЕНЬ, ОСНОВНОЕ ОБЩЕЕ ОБРАЗОВАНИЕ

**для обучающихся 5-9 кл. (ФГОС)**

**Общее количество часов**

**в неделю1ч.**

**а год 34ч.**

**Учитель:Мусагаджиева Гульжанат Дибирмагомедовна**

Программа разработана в соответствии с примерной программой

на основе авторской программы по родному языку для 5-11 к

...Школалъул ц1акъго к1вар бугеб масъалалъун ккола г1ун бач1унеб г1елалъе щулияб ва гъваридаб лъай кьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда х1алт1изабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин, авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда г1исинал миллатазул мац1ал церет1еялде ц1ик1к1араб к1вар кьолеб буго. Гьел миллатазул рук1а-рахъин цебет1еялдаго цадахъ, гьезул мац1алги бечелъула, церет1ола ва хадубккунги гьел церет1езаризе руго.

Школалда авар мац1 малъиялда цереч1арал масъалаби.

Авар мац1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул х1акъалъулъ лъай щвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1вараль ул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизаби, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

V - IXклассазда авар мац1алъул курсалъул г1уц1и

Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон, V - IX классазда ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин, грамматика (морфология, синтаксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац1алъул х1акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал. Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе, бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.

Авар мац1алъул материал гьадин бикьун буго: V,VI ва VIIклассазда малъула фонетика, лексика, раг1и лъугьин, морфология ва бит1унхъвай. Синтаксис лъазабула VIII - IX классазда. Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул х1акъалъулъ бищун г1адатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьуч1алда лъазабизе, калам цебет1езабиялъул ва пунктуациялъул х1алт1аби гьаризе рес бук1ине. Гьел церехун рехсарал рахъазул х1исабги гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьоч1ое босун, «Лексика», «Раг1и лъугьин», «Предметияб ц1ар» г1адал темаби V ва VI классазда, «Глагол» V,VI ва VII классазда кьун руго. «Бит1араб ва хъвалсараб калам» абураб тема V ва IX классазда малъулеб буго. Хут1арал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гъваридго ва г1ат1идго. Гьединго программаялда дандч!вала байбихьул классазда лъималаз лъай-хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби г1ат1идго малъизе ккола.

Программаялда т1олабго материал кьун буго, лъималазул г1елазул хаслъабиги х1исабалде росун .

Программаялда кьурал темабазе саг1тал рикьун руго мисалияб къаг1идаялъ. Учителасул ихтияр буго мустах1икъаблъун бихьараб бак1алда саг1тазул хиса-баси гьабизе, ай, цо темаялдаса т1аса рахъун, х1ажатаблъун бихьулеб цогидаб тема малъиялъе ц1ик1к1инаризе.

Щалдохъабазул калам **цебет1езаби** ва гьел **пасих1го ц1ализеругьун гьари.**

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

**Калам цебет1еялъул т1оцебесеб** нух буго авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби.

Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечедгьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалдаругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавулизложенияздалъун,сочиненияздалъун.

Ц1алдохъабазулгун словарияб х1алт1и гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго ч1ун, рич1ч1уларел раг1аби ратизе, гьезул маг1на учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса бит1ун пайда босизе лъай - бищунго к1вар бугел х1алт1абилъун ккола.

**Калам цебет1езабиялъул к1иабилеб нух** буго авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда жиб-жиб темаялъул к1иабилеб пункталда гъоркь ч1ванкъот1ун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги гьезухъа лъугьине кколеб бажариги.

**Калам цебет1езабиялъул лъабабилеб нухги** буго авар мац1алъул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жанралъул материалазда т1асан ц1алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Калам г1уц1изе ц1алдохъаби ругьун гьариялъе лъик1алан заманги бихьизабун буго. (Авар мац1алъе рихьизарурал саг1тазул щуго бут1а гьабун цо бут1а). Калам г1уц1изе ругьун гьари ц1ик1к1араб к1вар бугеб иш бугелъул, гьелъие мац1алъул программаялда жиб-жиб классалъе бат1аго темабиги кьун руго.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва г1ат1идаб план г1уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, бицунги хъванги изложение т1обит1изе.

Авар мац1алъул дарсазда к1вар кьезе ккола ц1алдохъабазул к1алзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие г1оло ц1алдохъаби т1амизе ккола бат1и-бат1иял темабазда т1асан к1алъазе.

Т1олабго лъаг1алида жанир гьарурал х1алт1абаздалъунги, изложенияздалъунги, сочиненияздалъунги ц1алдохъабазулъбит1араб к1алзул ва хъвавул калам г1уц1иялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч1валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялда бухьараб буго пасих1го ц1ализе лъазабиялъул ишги.

Пасих1го ц1алиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе, художествиял текстал (хабар, маргьа, кеч1) росула.

Пасих1го ц1ализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги к1удияб к1вар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебет1езабизе.

Бит1унхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, бат1и-бат1ияб тайпаялъул (г1инзулаб, берзулаб, кант1изариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб г1адал) диктантал гьарун.

Контролияб диктанталъе цо дарсил лъик1алан заман кьезе кколеб батани, бит1ун хъвазе ругьун гьариялъе ругел бат1и-бат1иял диктантазе дарсил цо бут1а кьуниги г1езе буго.

Диктантазе росулел текстал къвариг1арал орфограммабазул рахъалъ бечедал рук1ине ккела. Гьединаб къокъаб диктант к1иго анкьида жиниб цо нухалдаг1аги гьабуни, лъик1 бук1ина.

Учителасе кумекалъе программаялъул ахиралда хъвавул х1алт1абазул (диктантазул, изложениязул ва сочинениязул) къадар бихьизабураб таблица кьун буго.

Авар мац1алъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен

Школалда ц1алдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мац1. Гьединлъидал щулияб бухьен бук1ине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб к1вар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мац1алъул цо-цо хаслъи цебеч1езабизе; раг1аби х1алт1изариялда, грамматикиял формабазда, бат1и-бат1иял синтаксисиял г1уц1абазда, тексталъул бут1абазул ва предложениязул бухьеналъул къаг1идабазда, калам х1алт1изабиялъул бат1и-бат1иял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

К1удияб к1вар буго г1урус мац1алъулгун бухьен кквеялъулги. Гьелъги рес кьола к1иябго мац1алъул грамматикиял г1аммал ва хасал рахъал ч1езаризе, ай, цого классалда гьеб к1иябго мац1 лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул х1исаб гьабун, дарс кьей чара гьеч1еб методикияб къаг1идалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къват1исеб пачалихъалъул мац1алъул х1акъалъулъги.

Содержание учебной программы

**VКЛАСС (34** саг1ат)

**Байбихьул классазда малъараб материал такрар гьаби (3 саг1ат)**

Лабиалиял гьаркьал ва геминатал. Раг1ул г1уц1и. Каламалъул бут1аби (предметияб ц1ар, прилагательное, глагол ва гьезул морфологиял г1ламатал; ц1арубак1).

**Синтаксис ва пунктуация (10 саг1ат)**

**1.** Раг1абазул дандрай. Раг1абазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги раг1и. Предложение.

Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб на т1алабияб. Интонациялде балагьун, ах1ул предложение. Предложениязул ахиралда лъалхъул ишараби.

Предложениялъул бет1ерал членал: подлежащее, сказуемое, бит1араб дополнение.

Предложениялъул бет1ерал гурел членал: хъвалсараб дополнение, определение, х1алал.

Т1ирит1аралги т1ирит1ич1елги предложениял. Тайпа цоял членалгун предложениял. Тайпа цоял членазда гьоркьоб запятая.

Хит1аб. Хит1абгун лъалхъул ишараби. Г1адатаб ва жубараб предложение. Журарал предложениязулъ ругел г1адатал предложениял союззаздалъунги союзал гьеч1огоги цолъизаризе бегьи ва запятаялдалъун рат1ат1езари (авалияб баян).

Бит1араб калам ва лъалхъул ишараби. Диалог. Диалогалда цебе тире.

2. Хабариял, суалиял, т1алабиял ва ах1ул предложениязулъ бит1араб интонация ц1унизе лъай.

Диалогал ругеб текст, орфоэпияги ц1унун, пасих1го ц1ализе ругьун гьари.

Г1адатал предложениял цолъизарун, журарал предложениял г1уц1изе лъай.

Раг1абазул дандраял г1уц1изе, аслияб раг1удаса нахъбилълъараб раг1уе суал лъезе лъай. Цо тайпаялъул предложение цогидаб тайпаялъул предложениялде хисизабизе лъай. Суалал лъун, предложениялъул членал рат1а рахъизе бугеб бажари камиллъизаби.

Т1ирит1ич1ел предложенияl т1ирит1араллъун гьаризе лъай. Тайпа цоял членалгун предложенияl г1уц1изе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе лъай.

**Фонетика ва графика. Орфография (3 саг1ат)**

1.Каламалъул гьаркьал. Рагьарал гьаркьал ва х1арпал. Рагьукъал гьаркьал ва х1арпал. Лабиалиял гьаркьал ва геминатал.

Алфавит. Я, е, ё, ю х1арпал. Ъ, ь х1арпал ва гьез т1убалеб хъулухъ.

Слог. Раг1и цо мухъидаса цоги мухъиде, слогазде бикьун, боси.

Ударение.

2.Раг1абазулъ рагьукъалги ва рагьаралги гьаркьал рихьизаризе лъай.

Литературияб нормаялда рекъон, рагьукъалги рагьаралги гьаркьал бит1ун абизе ругьун гьари.

Авар мац1алъул орфографияб словаралдаса пайда босизе лъай. Раг1аби слогазде ва гьаркьазде риххиялъул байбихьул классазда щвараб бажари жеги камил гьаби.

Алфавиталъул тартибалда раг1аби лъезе лъай. Х1арпал гьаркьаздаса рат1а рахъизе лъай. Фонетикияб разбор гьабизе лъай (бицунги, хъванги).

**Лексика (3 саг1ат)**

1.Лексикаялъул х1акъалъулъ бич1ч1и. Цо маг1наялъул ваг1емер маг1наялъул раг1аби. Омонимал (лъай-хъвай гьаби).Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на. Синонимал. Антонимал.

2.Авар мац1алъул аслиял словараздаса пайда босизе,текстaлда синонимал ва антонимал ратизе лъимал ругьун гьари.

**Раг1и лъугьин ва орфография (3** саг1ат)

1.Раг1ул аслу ва ахир. Раг1ул кьибил. Суффикс. Раг1абилъугьин:

а)к1иго раг1и, яги к1иго кьибил жубаялдалъун;

б)суффиксаздалъун (г1аммаб баян).

2.Раг1ул г1уц1иялъул разбор гьабизе ругьун гьари. Кьибилцоял раг1аби ратизе ва гьезулъ ахир, аслу, кьибил, суффиксбихьизабизс лъай. Каламалъулъ гьединал раг1аби х1алт1изаризелъай.

## МОРФОЛОГИЯ ВА ОРФОГРАФИЯ

***Жалго жидедаго ч1арал каламалъул бут1аби.***

**Предметияб ц1ар (2 саг1ат)**

1. Предметияб ц1ар. Г1аммаб маг1на, морфологияl г1аламатал, синтаксисияб роль.

Хасал ва г1аммал предметияl ц1арал.

Хасал ц1аразул (г1адамазул, географияl ц1аразул, къват1азул, байданазул ц1аразул, тарихияl лъугьа-бахъиназул ва пачалихъияl байрамазул ц1аразул) бет1ералда к1удияб х1арп. Т1ахьазул, газетазул ва журналазул, суратазул, кинофильмабазул, спектаклязул, литературияl ва музыкалияl асаразул ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп. Гьел ц1арал кавычкабаздалъун рат1а гьари. Цо-цо г1аммал ц1арал хасаллъун ккей.

Предметияб ц1аралъул г1емерлъул форма лъугьин. Г1емерлъул форма лъугьунаго, аслуялъулъ кколел хиса-басиял.

2. Жиндирго каламалъулъ синонималлъун кколел предметиял ц1арал рат1арахъизе лъай, гьел х1алт1изаризе ц1алдохъаби ругьун гьари. Аслуялъулъ т1убанго хиси ккун лъугьунел раг1аби лъай. Цо-цо раг1ул г1емерлъул форма бук1унареблъи лъай.

Суффиксазул кумекалдалъун цолъул формаялдаса г1емерлъул форма лъугьинабизе лъай. Цогидал раг1аби предметиял ц1аралгун жинсгун формаялъулъ рекъезаризе лъай.

**Глагол (2 саг1ат)**

**1.**Глагол. Г1аммаб маг1на, морфологиял г1аламатал васинтаксисияб роль. Рухьарал ва т1адч1арал глаголал. Цо-цо глагол, лексикияб маг1наялде балагьун, бухьараблъунги т1адч1араблъунги бук1ине бегьи **(кванaзе, сверизе).** Жинсиял важинсиял гурел глаголал.

Глаголияб ц1ар. Глаголалъул заманаби: араб, бач1унеб, г1ахьалаб, гьанже заман, гьел лъугьин ва гьезул буголъиялъул, гьеч1олъиялъул форма,

2.Жинсиял глаголал предметиял ц1аралгун рекъезарун, калам г1уц1изе ругьун гьари. Синонимиял ва антонимиял глаголал жидерго каламалъулъ х1алт1изаризе ругьун гьари. Рухьарал ват1адч1арал (переходниял ва непереходниял) глаголал рат1а гьаризе лъай.

Заманиял формабазде глагол хисизабизе лъай. Ункъабго заманалъул гьеч1олъиялъул форма лъугьинабизе лъай.

**Калам цебет1езаби (8 саг1ат)**

Каламалъул стиль. Каламалъул гара-ч1вариялъулаб ва г1елмияб стилалъул х1акъалъулъ дагьабго лъай-хъвай гьаби. Тема ва текстaлъул аслияб пикру. Текстал раг1ун, хехго. гьалат1ал риччач1ого, ц1ализе лъай. Интонацияги ц1унун, бат1и-бат1иял тайпабазул предложениял ц1ализе ругьун гьари.

Ц1иял раг1аби бит1ун абизе ва хъвазе, гьезул маг1на бицине, гьезие синонимал ва антонимал ургъизе лъай.

Бат1и-бат1иял грамматикиял формабазда ц1иял раг1абиги ккезарун, предложениял г1уц1изе лъай.

Суалаздалъун предложениял т1ирит1изаризе лъай.

Г1урусалдаса авар мац1алде 3-5 предложениялдасан г1уц1арал гьит1инал текстал руссинаризе лъай.

Сверухъ бугеб т1абиг1аталда хурхараб темаялда т1асан гара-ч1вари г1уц1изе бажари.

Жидецаго ургъун, суалал лъезе, малъарал грамматикиял формабаздаса ва предложениязул тайпабаздаса пайдаги босун, гьезие жавабал кьезе ругьун гьари.

Гьит1инаб текстaлъул г1адатаб план г1уц1и (бицунги хъванги).

Предметазе гьабураб сипат-сурат ц1унун, хабарияб текстaлдасан изложение хъвай.

Суалазда ва планалда рекъон, ц1алараб текстaлъул тартибалда х1асил бицине (абунги хъванги).

Сюжеталъулаб сураталдасан сочинение хъвазе.

Жиндирго х1акъалъулъ, дарсазда жинцаго ц1алараб т1ехьалъул х1акъалъулъ бицине лъай (абунги хъванги).

Телевизоралдаги киноялдаги рихьарал фильмабазул бицине лъай (абунги хъванги).

Кагъат хъвазе лъай.

Бат1и-бат1иял темабаздасан сочинение хъвазе лъай.

**Требования к уровню подготовки обучающихся.**

**Vклассалъул ц1алдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял т1алабал.**

**Щалдохъабазда** лъазе ккола:

раг]ул бит1араб ва хъвалсараб, г1емер ва цо маг1на бук1ин, омонимал, синонимал ва антонимал;

фонетикияб, морфологияб ва раг1ул г1уц1иялъул разбор гъабизе;

бат1и-бат1иял тайпабазул г1адатал предложениял г1уц1изе;

г1адатал предложенияздасан союзаздалъунги союзал гьеч1огоги журарал предложениял г1уц1изе;учебникалда кьурал схемабазда рекъон, предложениял г1уц1изе;

аслуялъулъ хиси кколел предметиял ц1аразул г1емерлъул форма бит1ун лъугьинабизе.

**Щалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**орфографиялъул рахъалъан;** г1адамазул ва географиял ц1аразул; къват1азул, байданазул ва пачалихъиял байрамазул ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп хъвазе;

т1ахьазул, газетазул, журналазул, суратазул, кинофильмабазул, литературиял асаразул ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп хъвазе ва кавычкаби лъезе;

журарал раг1аби бит1ун хъвазе;

**кули, иус, муч, х1уби** ва **rlop**г1адал раг1аби бит1ун падежазде сверизаризе.

**Пунктуациялъул рахъалъан:** хит1абазулъ лъалхъул ишараби лъезе; журарал предложениязулъ запятаял лъезе;

тайпа цоял членазулъ ва бит1араб каламгун предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъезе.

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

геминатал ва лабиалиял гьаркьал бит1ун рахъизе; бак1алъул диалекталде дандеккун литературияб мац1алъулъ ругел бат1и-бат1иял гьаркьал бит1ун рахъизе.

**Калам г1уц1иялъул рахъалъан:**

тексталъул тема ва аслияб пикру ч1езабизе;

хабарияб тексталъул г1адатаб план г1уц1изе;

дурусго ва къокъго хабариял текстал рицине ва хъвазе;

бихьизабураб темаялда т1асан сочинение хъвазе;

жинцаго гьабураб х1алт1ул х1акъалъулъ хабар хъвазе ва бицине;

информацияб тайпаялъул кагъат хъвазе;

жиндирго пикру баянго, дурусго бицине, берцинго хъвазе, х1ажат гьеч1еб такрарлъи биччангут1изе, жиндирго каламалъулъ лексикиял синонимал х1алт1изаризе.

Содержание учебной программы

VI КЛАСС (34 саг1ат)

Авар мац1алъул х1акъалъулъ къокъаб баян. Рахьдал мац1алъулги гӀурус мац1алъулги цоцаздехун бугеб гьоркьоблъиялъул х1акъалъулъ (1 саг1ат).

## Лексика ва фразеология (3 саг1ат)

1.Лексикаялъул х1акъалъулъ V классалда малъараб материал такрар гьаби.

Киназго х1алт1изарулел раг1аби. Диалектиял (бак1алъулал) ва пишачилъиялъулал раг1аби. Цогидал мац1аздаса рач1арал раг1аби. Ц1иял ва басралъарал раг1аби. Фразеологиял сверелал.

2.Лексикаялъул разбор гьабизе ругьун гьари. Словаралдасац1иял ва басралъарал раг1аби ратизе ругьун гьари.

Фразеологияб словарьгун лъай-хъвай гьаби.

Щиял ва басралъарал раг1аби, фразеологиял сверелал, цогидал мац1аздаса рач1арал раг1аби каламалъулъ х1алт1изаризе лъай.

## Раг1и лъугьин ва бит1унхъвай (3 саг1ат)

1.Vклассалда малъараб материал такрар гьаби. Морфологияб къаг1идаялъ ц1иял раг1аби лъугьин:

а)суффиксаздалъун;

б)к1иго раг1и яги к1иго кьибил жубаялдалъун.

Раг1ул флексиялдалъун, ударениялъ бак1 хисиялдалъун, цо каламалъул бут1аялъул раг1аби цогиялде свериялдалъун ц1иял раг1аби лъугьиналъул х1акъалъулъ авалияб бич1ч1и.

Журарал раг1абазул бит1унхъвай.

2.Бат1и-бат1иял суффиксаздалъун ц1иял раг1аби лъугьинаризе ругьун гьари.

Журарал, журарал къокъ гьарурал раг1аби к1алзул ва хъвавул каламалъулъ бит1ун х1алт1изаризе ругьун гьари.

## Предметияб ц1ар (5 саг1ат)

1.Предметияб ц1ар падежазде свери (цолъул формаялда).

Предметияб ц1аралъул г1емерлъул форма лъугьин. (Тема г1ат1ид гьаби).

Г1емерлъул формаялда предметиял ц1арал падежазде свери.

Падежазул ахиразул бит1унхъвай.

Предметияб ц1аралъул суффиксазул бит1унхъвай.

Журарал предметиял ц1аразул бит1унхъвай.

2.Предметиял ц1аразул морфологияб разбор гьабизе лъай. Суалаздалъун предметияб ц1аралъул падежал рихьизаризе лъай.

Суалазда рекъон предметиял ц1арал падежазда лъезе лъай.

Бат1и-бат1иял падежазул формабазда ругел предметиял ц1арал жиндирго каламалъулъ х1алт1изаризе лъай.

Раг1абазулъ суффиксал рихьизаризе, ва гьезул кумекалдалъун бат1и-бат1ияб маг1наялъул предметиял ц1арал лъугьинаризе лъай

**Прилагательное (4 сагӀат)**

1.Прилагательное. Паммаб магӀна, морфологиял гӀаламаталва синтаксисияб роль. Прилагательное жинсгун формаялъулъ предметияб цӀаргун рекъонккей. Качествиял, гьоркьоблъия-лъулал ва бетӀергьанлъи бихьизабулел прилагательноял.

Предметияб цӀарлъун хӀалтӀизарурал прилагательноял падежазде свери.

Журарал прилагательноязул битӀунхъвай.

ГӀурус мацӀалдаса рачӀарал прилагательноязул битӀунхъвай.

2.Синонимиял ва антонимиял гӀаламатал рихьизарулелприлагательноял каламалъулъ хӀалтӀизаризе лъай.

Предметалъул батӀи-батӀиял гӀаламатал рихьизарулел прилагательноял каламалъулъ хӀалтӀизаризе лъай.

Кинаб бугониги предметалъе прилагательноялдалъун характеристика кьезе лъай.

Прилагательное жинсалъулъ ва формаялъулъ предметияб цӀаргун рекъон ккезабизе лъай **(багӀарав, багӀарай, багӀараб, багӀарал).**

**РикӀкӀен (4 сагӀат)**

1.РикӀкӀен. ГӀаммаб магӀна, морфологиял гӀаламатал,синтаксисияб роль.

ГӀуцӀиялде балагьун, гӀадатал, журарал, составиял рикӀкӀенал ва гьезул битӀунхъвай.

Къадаралъул рикӀкӀен ва разрядал: цадахълъи бихьизабулел, щаклъи бихьизабулел, тӀолголъи бихьизабулел, бутӀа бичӀчӀизабулел (дробазул); гьезул битӀунхъвай.

Иргадул рикӀкӀен, гьеб лъугьунеб куц ва гьелъул битӀунхъвай.

Къадаралъул ва иргадул рикӀкӀеналъул цӀар падежазде свери.

2.Предметияб цӀаргун рекъонккезабизе лъай. **(5 бакӀ, 5-10 вас, 1941 - 1945 абилел сонал).**

БатӀи-батӀиял падежазул формабазда рикӀкӀен каламалъулъ хӀалтӀизабизе лъай.

**ЦӀарубакӀ (4 сагӀат)**

1.ЦӀарубакӀ. ГӀаммаб магӀна, морфологиял гӀаламатал васинтаксисияб роль. МагӀнаялде балагьун, цӀарубакӀазулразрядал: гьумералъул, ишараялъул, баянлъул, баянлъи гьечӀел, суалиял, абсолютиял (гьечӀолъиялъул), жибголъиялъул.

ЦӀарубакӀал падежазде свери. ЦӀарубакӀазул битӀунхъвай.

2.ЦӀарубакӀал жиндирго каламалъулъ хӀалтӀизаризе лъай. Гьумералъул цӀарубакӀал **ниж, нилъ, нуж** битӀун хӀалтӀизаризе лъай.

Предметияб цӀаралъул бакӀалда цӀарубакӀ хӀалтӀизабизе лъай. Баяналъул, баянлъи гьечӀел ва абсолютиял цӀарубакӀал гӀадатал падежазде сверизаризе лъай.

**Причастие** (2 сагӀат)

1.Причастие - глаголалъул хасаб форма. Причастиелъугьунеб куц. Причастиялъул ва прилагательноялъул гӀаммалгӀаламатал. Гьезда гьоркьоб батӀалъи.

Предложениялда жаниб причастиялъул роль. Причастиял сверелал ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

Причастиялъул заманаби: араб, г1ахьалаб, бач1унеб.

Причастиялъул буголъиялъул ва гьеч1олъиялъул формаби. Предметияб ц1арлъун х1алт1изабураб причастие падежазде свери.

2.Предметияб ц1аргун причастие рекъон ккезабизе, хасгожинсиял глаголаздасан лъугьараб причастие предметиял ц1аралгун рекъезабиялъул хаслъи лъай. Причастиял сверелалрат1а рахъизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари.

Глаголаздаса лъабабго заманалъул причастиял лъугьинаризе лъай.

**Деепричастие (2 саг1ат)**

1.Деепричастие - глаголалъул хасаб форма. Деепричастиялъул глаголалда ва наречиялда релълъарал г1аламатал.
Предложениялда жаниб деепричастиялъул роль. Деепричастиялъул заманаби: араб ва г1ахьалаб; гьел лъугьунеб куц.

Деепричастиял сверелал за гьезулъ лъалхъул ишараби.

2.Деепричастиял лъугьинаризе ва гьел жиндирго каламалъулъ х1алт1изаризе лъай, деепричастиял сверелал рат1арахъизева гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари.

**Калам цебет1езаби (8 саг1ат)**

Каламалъул стилалъул, темаялъул ва тексталъул, аслияб пикруялъул х1акъалъулъ малъараб жо такрар гьаби.

Орфоэпияги ц1унун, текстал бит1ун, раг1ун ва чвахун ц1ализе лъай.

Щиял раг1аби лъазари. Гьел бит1ун абизе ва хъвазе лъай.

Ц1иял раг1абиги гьоркьоре ккезарун, предложениял г1уц1изе лъай.

Каламалъулъ синонимал, антонимал х1алт1изаризе бажари.

Цо хасаб грамматикияб формаялъе кицаби ва абиял рак1ари. 5-8 къокъаб предложениялдасан данде гьабураб текст г1урусалдаса авар мац1алде буссинабизе лъай.

Суалазе жаваб гьабизе, жалго жидедаго ч1ун, суалал лъезе ругьун гьари.

Жубараб план г1уц1и.

Планалда рекъон, текст, гьоркьор ругел глаголал заманаздеги хисун, бицин.

Сверухъ бугеб г1умруялъул, т1абиг1аталъул, рукъ-бак1алъул х1акъалъулъ хабар г1уц1и.

Ц1алдохъанасул ч1ванкъот1араб лъугьа-бахъиналъул х1акъалъулъ хабар г1уц1и.

Сюжеталъулал суратазул х1асил къокъго ва г1ат1идго бицине бажари.

Сверухъ ругел предметазул, ц1аларал т1ахьазул, г1агараб ракьалъухъ халкквеялъул, жидерго расандабазул, рек1елгъеязул, гьудул-гьалмагъзабазул х1акъалъулъ бицине бажари. Цинги суалазе жавабал х1исабалда хъвазе лъай.

Сочинениялъе х1ажатаб материал тартибалде ккезаби. Г1адамазухъа ккарал ишазул х1акъалъулъ, жиндирго пикру загьир гьабун, сочинение хъвай.

Т1абиг1аталъул, рукъ-бак1алъул сипат-сурат гъорлъе ккезабун, хабарияб тексталда т1асан г1ат1идго, къокъго яги т1аса бицун изложение хъвай.

Школалъул газеталда бат1и-бат1иял темабазда т1асан макъалаби хъвай.

Зах1маталъул темаялда т1асан творческиял сочинениял хъвай.

Г1арза, расписка хъвазе ругъун гьари.

**Требования к уровню подготовки обучающихся**

**VIклассалъул ц1алдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругеласлиял т1алабал**

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

цогидал мац1аздаса рач1арал раг1аби, ц1иял ва басралъарал раг1аби, фразеологиял сверелал;

морфологияб къаг1идаялда раг1и лъугьинабизе;

цолъул ва г1емерлъул формаялда предметиял ц1арал падежазде сверизаризе;

г1адатаб ва жубараб прилагательное лъугьинабизе;

иргадул рик1к1еналгун предметиял ц1арал рекъон ккезаризе;

причастиял ва деепричастиял лъугьинаризе;

раг1ул г1уц1иялъул разбор гьабизе.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**Орфографиялъул рахъалъан:**

предметияб ц1аралъул суффиксал бит1ун хъвазе;

журарал предметиял ц1арал бит1ун хъвазе;

бат1и-бат1иял каламалъул бут1абаздаса лъугьарал прилагательноял бит1ун хъвазе;

рик1к1ен ва ц1арубак1ал бит1ун хъваз

**Пунктуациялъул рахъалъан:**

причастиял ва деепричастиял сверелазулъ лъалхъул ишараби лъезе.

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

Г1емерлъул формаялда ц1арубак1азул падежиял ахирал бит1ун ц1ализе.

**Калам г1уц1иялъул рахъалъан:**

жубараб план г1уц1изе;

бат1и-бат1иял темабазда т1асан хабарияб тайпаялъул текст дурусго ва къокъго бицине;

темаялъул аслияб пикруги х1исабалде босун, сочинениялъе материал данде гьабизе ва гьеб тартибалде ккезабизе;

цо сундул бугониги цебе суратги ч1езабун, хабар г1уц1изе; бах1с ккараб темаялда т1асан макъала хъвазе.

...**Авар мац1 5 класс**

| № | Дата | Тема урока | Домашнее задание |
|---|---|---|---|
| | | **Байбихьул классазда малъараб материал такра[** **гьаби ( 3+1) саг1ат** | |
| 1. | | Мац1алъул х1акъалъулъ баян. Такрар гьаби «Раг1ул г1уц1и», «Лабиалиял гьаркь[ ва геминатал». | №1,2,3упр.14, стр.6, морфемный разбор слов |
| 2. | | Такрар гьаби. «Каламалъул бут1аби. Предметияб ц1ар. Прилагательное.» | №4-9, упр.31, стр.12,составить предложения со сложным[ прилагательными |
| 3 | | Такрар гьаби «Ц1арубак1. Глагол» | № 10-14 упр.42,стр.16, найти глаголы в тексте и определить их время |
| 4. | | К.ц. Ругьун гьариялъул изложение «Х1амаги г1анк1ги», гьум.17 | Дописать изложение |
| | | **Синтаксис ва пунктуация(10+2)саг1ат** | |
| 5. | | Раг1абазул дандрай. | №15,упр.50, стр.19,составить словосочетания с данными существительными |
| 6. | | Предложение. Хабарияб, суалияб, т1алабияб, ах1у[ предложение. | №16,17,18, упр.62, стр. 24,составить предложения |
| 7.. | | Предложениялъул бет1ерал членал Подлежащее. Сказуемое. Бит1араб дополнение. | №19,20,21, упр.93,стр. 36[ подчеркнуть подлежащее[ предложениях |
| 8. | | К.ц. Ругьун гьариялъул сочинение «Дир г1агараб росу» | Дописать сочинение |
| 9. | | Предложениялъул бет1ерал гурел членал. Определение. Хъвалсараб дополнение. Х1ал. | №22,23,24 упр.125, стр.45 найти |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | определения в тексте |
| 10. | | Т1ирит1ич1ел ва т1ирит1арал предложениял. | №25,упр.155, стр.54,преобразовать распространённые предложения в нерас-пространённые |
| 11. | | Тайпа цоял членалгун предложениял. | №26,упр.158, стр.55, вместо точек вставить однородные члены предложений |
| 12. | | Обращение | №27,упр.179, стр. 60, подчерк - нуть обращени в тексте |
| 13. | | Г1адаталги жураралги предложениял | №28,упр.199, стр.67,расставить знаки препинания в предложе-ниях |
| 14. | | Контр. диктант «Предложение», «Дир Дагъистан» гьум..12 | Повторить раздел «Синтаксис и пунктуация |
| 15. | | Анализ диктанталъул.<br>Бит1араб калам. | №29,упр.221, стр.7 расставить знаки препинания в предложени с прямой речью |
| 16. | | Диалог. | №30,упр.226, стр.76, расставить знаки препинания при диалоге |
| | | **Фонетика ва графика. Орфография (3+2) саг1ат** | |
| 17. | | Каламалъул гьаркьал ва гьел лъугьунеб куц.<br>Рагьарал, рагьукъал, зирарал ва гъугъал гьаркьал. | №31, 32,33<br>упр.231,<br>стр.80, вставить в словах пропу -<br>щенные буквы |
| 18. | | К.ц.Ругьун гьариялъул изложение «Къункъра» гьу 27. | Дописать изложение |
| 19. | | Алфавит<br>Е, Ё,Ю,Я х1арпал<br>Ъ ва Ь | №34,35,36 упр.265, стр.95, написать слова в алфавитном порядке |
| 20. | | Слог ва раг1и бикьун боси. Ударение. | № 37, 38 упр. 280 стр. 102 деление слов по слогам, подчеркнуть открытые и прикрытые слоги. |
| 21. | | Проект «Авар мацIалъул хъай-хъвагIаялъул тарих». | Дописать проектную работу. |
| | | **Лексика (3+1) саг1ат** | |
| 22. | | Лексикаялъул х1акъалъулъ бич1ч1и. Раг1ул маг1н<br>Цо маг1наялъул ва г1емер маг1наялъул раг1аби.<br>Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на. | № 39,40,41 упр. 299, стр. 111, списать упражнения. |
| 23. | | Омонимал..Синонимал. Антонимал. | № 42,43,44 упр. 318, стр. 117, составить предложен с омонимами. |
| 24. | | Риххизе бегьуларел раг1абазул дандраял. | № 45, составить предложения с фразеологизмами. |
| 25. | | К.ц. Ругьун гьариялъул сочинение «Нижер хъизан» | Дописать сочинение. |
| | | **Раг1и лъугьин ва орфография (3+1) саг1ат.** | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 26. | | Раг1и хиси. Раг1и лъугьин.<br>Раг1ул ахир, аслу, кьибил, суффикс. | № 46, 47,48,49<br>упр. 341, стр. 124, образовать разные формы слов. |
| 27. | | Раг1ул кьибилалъулъ гьаркьазул хиси. Рагьарал гьаркьал хиси. Рагьукъал гьаркьал хиси. | № 50-52, упр. 378 стр.134 поставить слова во множественном числе. |
| 28. | | Раг1аби лъугьин. | № 53, упр.390, стр.136, образовать слова с помощью суффикса. |
| 29. | | Тестовый х1алт1и. Тема «Лексика». | Повторить тему «Лексика |
| | | **Морфология ва Орфография. Каламалъул бут1аби. Предметияб ц1ар. (2) саг1ат.** | |
| 30. | | Предметиял ц1арал предложениялъул членаллъун х1алт1изари. Хасал ва г1аммал ц1арал. | № 54,55, 56,упр. 427, стр. 145, расставить знаки препинания. |
| 31. | | Предметияб ц1аралъул жинс. Предметияб ц1арал форма. | № 57, 58 упр. 446, стр. 15 запишите сущест-вительн по родам в 3 столбика. |
| | | **Глагол (2+1) саг1ат.** | |
| 32. | | Глагол.<br>Переходныял и непереходныял глаголал.<br>Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал. | № 59, 60,61упр. 471, стр. 159, выписать глаголы из текста. |
| 33. | | Контролияб диктант. Тема «Глагол» «Расулил махщел.» гьум.19. | Морфологичес-кий разбо глагола. |
